**दिन—मंगलवार** **दिनांक—22.10.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

बिहार मे बाढ़िक कारण भेल नोकसानक आकलन करबाक लेल आयल सात सदस्यीय टीमक दौरा आइ पूरा भऽ गेल अछि। केन्द्रीय दल के सदस्य लोकनि पहिने बाढ़ि सँ प्रभावित सीतामढ़ी जिलाक बेलसंड प्रखंडक दौरा कयलनि। टीमक सदस्य लोकनि एतऽ भेल नोकसानक विषय मे जनतब प्राप्त कयलनि। दिल्ली घुरबा सँ पहिने अधिकारी लोकनिक दल आइ बिहार सरकारक आपदा प्रबंधन विभाग सहित विभिन्न विभागक अधिकारी लोकनिक संग एक बैसक करताह। केन्द्रीय दल के नेतृत्व केन्द्रीय गृह मंत्रालयक संयुक्त सचिव पार्थ सारथी कऽ रहल छथि।

---

केन्द्रीय पर्यटन मंत्री गजेन्द्र सिंह शेखावत कहलनि अछि जे बिहार सहित देशक पर्यटन के क्षेत्र मे अपार संभावना अछि आ ई आर्थिक प्रगति के गाड़ी के इंजन बनि सकैत अछि। पटना के ज्ञान भवन मे दू दिवसीय ट्रेवल आ टूरिज्म मेला के मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक संग उद्घाटन करैत श्री शेखावत कहलनि जे पर्यटन क्षेत्रक विकास सँ रोगजार सोझे रूप सँ जुड़ल अछि। केन्द्रीय मंत्री कहलनि जे बिहार मे विविधता अछि एकरा देखैत ई देशक पर्यटन के राजधानी बनि सकैत अछि। पर्यटन मंत्री नीतीश मिश्रा एहि अवसर पर कहलनि जे राज्य सरकार पर्यटन के विकसित करबाक लेल कतेको प्रकारक सुविधा दऽ रहल अछि। दू दिवसीय एहि मेला मे सत्रह राज्यक अलावे नेपाल आ भूटान सँ एक सय पचास सँ बेसी विभाग, टूर ऑपरेटर आ पर्यटन समूह भाग लऽ रहल छथि।

---

कृषि मंत्री मंगल पांडेय कहलनि अछि जे केन्द्र आ राज्य सरकार कृषि आ किसानक विकासक लेल सभ संभव काज कऽ रहल अछि। पटना मे आयोजित एक कार्यक्रम मे श्री पांडेय उनचालीस किसान आ समूह के बीच कृषि यंत्रक वितरण कयलनि। ओ कहलनि जे किसान लोकनिक आमदनी बढ़ेबाक लेल हुनका सभ संसाधन कम दाम पर उपलब्ध कराओल

जा रहल अछि। श्री पांडेय कहलनि जे वित्तीय वर्ष दू हजार चौबीस–पचीस मे कृषि क्षेत्र मे एक सय छियासी करोड़ टाका के अनुदान देबाक लक्ष्य रखल गेल अछि।

———————————————————————

राज्य मे तेरह नवंबर के होबऽवला चारि विधानसभा क्षेत्र– तरारी, बेलागंज, इमामगंज आ रामगढ़ उपचुनाव के लऽकऽ नामांकन पत्र दाखिल करबाक काज जारी अछि। निर्वाचन विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार एखन धरि एहि चारू सीट पर आठ नामांकन पत्र दाखिल कयल गेल अछि। आइ तरारी विधानसभा सीट सँ भाजपा प्रत्याशी विशाल प्रशांत उर्फ सुशील पांडेय अपन नामांकन पत्र दाखिल कयलनि। विशाल प्रशांत पूर्व विधायक सुनील पांडेय के पुत्र छथि। हमर कैमूर संवाददाता जनौलनि अछि जे आई रामगढ़ विधानसभा क्षेत्र सँ बसपा उम्मीदवार सतीश कुमार सिंह यादव सहित दू प्रत्याशी लोकनि सेहो अपन नामांकन पत्र दाखिल कयलनि।

———————————————————————

असदउद्दीन ओवैसी के पार्टी एआईएमआईएम राज्य मे भऽ रहल उपचुनाव मे दू विधानसभा सीट पर उम्मीदवार उतारबाक निर्णय कयलक अछि। एआईएमआईएम बेलागंज सँ मोहम्मद जामिल अली आ इमामगंज सँ कंचन पासवान के प्रत्याशी बनौलक अछि। ओतहि भेटल जनतबक अनुसार तरारी विधानसभा क्षेत्र सँ सेहो पार्टी उम्मीदवार ठाढ़ कऽ सकैत अछि। एआईएमआईएम के चुनाव मैदान मे आबि गेला सँ एहि सीट सभ पर मोकाबला रोचक भऽ जायत।

———————————————————————

लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक प्रमुख आ केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान कहलनि अछि जे हुनक पार्टी अठाईस नवंबर के पटनाक गांधी मैदान मे चुनावी शंखनाद करत। श्री पासवान पटना मे पार्टीक प्रदेश कार्यकारणी के बैसक के बाद पत्रकार लोकनि सँ गपशप करैत ई घोषणा कयलनि। ओ जनौलनि जे कार्यकारणी के बैसक मे अठाईस नवंबर के पार्टीक स्थापना दिवसक अवसरि पर गांधी मैदान मे एक पैघ रैली करबाक प्रस्ताव के पारित कयल गेल अछि। श्री पासवान कहलनि जे रैली के बाद हुनक पार्टी पूर्णरूपेण चुनावी मुड मे आबि जायत।

———————————————————————

भाकपा माले आरोप लगौलक अछि जे राज्य सरकार बेरोजगारी के मोर्चा पर युवा लोकनिक संग धोखा कऽ रहल अछि। पार्टीक पोलितब्यूरो सदस्य सह मिथिलांचल प्रभारी धीरेन्द्र झा आइ ''**बदलो बिहार न्याया यात्रा**'' के दरमियान समस्तीपुर मे कहलनि जे प्रदेश मे बेरोजागारी के कारण युवा आ मजदूर आन प्रदेश सभ मे पलायन करबाक लेल विवश छथि। ओ कहलनि जे रोगजार सृजनक लेल कयल जा रहल काज मात्र देखाबा अछि आ युवा लोकनि के एकर लाभ नहि भेटि रहल अछि।

———————————————————————————

केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह के हिंदू स्वाभिमान यात्रा आइ किशनगंज पहुँचल। श्री सिंह कहलनि जे प्रदेशक एहि भाग मे घुसपैठ एक पैघ समस्या अछि। ओ कहलनि जे बंगलादेशी घुसपैठी आ रोहिंग्या के वृहत संख्या मे उपस्थिति सीमांचल के स्वरूप के नष्ट कऽ देलक अछि।

———————————————————————————

जम्मू—कश्मीरक गांदरबल मे आतंकी हमला मे मारल गेल बिहारक तीनू श्रमिकक लहाश आइ पटना पहुँचल। प्रशासन लहाश के मधेपुरा आ वैशाली स्थित हुनक पैतृक गाम धरि पहुँचा देलक अछि। जतऽ हुनक अंतिम संस्कार कयल जायत।

———————————————————————————

मधुबनी जिलाक देवधा थाना पुलिस अपराधक योजना बना रहल तीन अपराधी के गिरफ्तार कयलक अछि। एसडीपीओ विप्लव कुमार जनौलनि अछि जे एहि मे सँ एक नेपाली नागरिक अछि।

समस्तीपुर के लाल कोठी इंडोर हॉल मे आइ सँ तीन दिवसीय राज्य स्तरीय विद्यालय अंडर—फोटिन बालक कराटे प्रतियोगिताक शुरूआत भऽ गेल।

———————————————————————————

समाप्त